



## **Majistra Thomas M. Menino**

### **Ofis Nouvo Bostonyen**

#### **ESTATI TANPORÈ PWOTEJE POU AYISYEN**

##### **Ki sa Eitati Tanporè Pwoteje (TPS) pou Ayisyen ye?**

Akozde tranblemanntè ak sekous katastwofik an Ayiti, Prezidan Barack Obama ak Sekretè Depatman Sekirite Nasyonal Ozetazini (DHS), Janet Napolitano, detèmine gen rezon valab pou yo akòde yon Eitati Pwoteje Tanporè (TPS) pou ayisyen **ki déjà Ozetani depi 12 janvye 2010 pou yon peryòd 18 mwa, ki ap kòmanse 21 janvye, 2010 e ap fini 22 jiyè, 2011.** DHS ap sispan depòtasyon Ayisyen, e Ayisyen ki jwen TPS ap genyen dwa pou resevwa otorizasyon travay.

##### **kilè mwen ka soumèt aplikasyon inisyal mwen an pou TPS?**

Peryòd anrejistreman an kòmanse 21 janvye, 2010 e ap fini 22 jiyè, 2010

##### **Kilès ki kalifye pou aplike pou TPS Ayisyen? Pou'w kalifye, ou dwe?**

1. Yon sitwayen ayisyen oswa yon moun ki te abite nòmalmman an Ayiti an dènye lye;
2. Te abite kontinyèlman Ozetazini depi 12 janvye 2010;
3. Te prezan kontinyèlman Ozetazini depi 12 janvye 2010;
4. Satisfè sèten lòt kondisyon pou admisiblite imigran, ak lòt kondisyon kalifikasyon pou TPS; e
5. Ranpli avèk satisfaksyon tout pwosedi aplikasyon pou TPS.

##### **Kouman pou m pwouve prezans fizik kontinyèl ak rezidans kontinyèl Ozetazini?**

Egzanp tip dokiman diferan ou ka soumèt pou pwouve rezidans kontinyèl ou se: lèt travay patwon aktyèl ou oswa ansyen patwon w ekri ki montre ou tap travay, resi lwaye, souch chèk pewòl, etadkont labank, dosye lekòl, oswa nenpòt lòt dokiman ou ka genyen ki montre prezans fizik kontinyèl ou ak rezidans kontinyèl ou Ozetazini.

## **Ki dokiman mwen bezwen pou m aplike?**

1. Prèw ke ou se yon sitwayen Ayisyen oswa nasyonalite (Batistè w oswa Paspò w)
2. Prèw rezidans ak prezans Ozetazini (Paspò w ak so ki pwouve le w te rantre Ozetazini, fakti oswa resi ki montre prezans kontinyèl ou, lòt dokiman)
3. De (2) foto paspò
4. Aplikasyon TPS (vèsyon Fòmilè I-821 an ki gen dat 17 oktòb 2007 oswa apre)
5. Aplikasyon pou Otorizasyon Travay (Fòmilè I-765 ki gen dat 27 me 2008 oswa apre). Fòmilè I-821 ak Fòmilè I-765 disponib lè w rele nimewo pou apèl gratis pou Liy Enfòmasyon USCIS pou jwenn fòmilè yo nan (800) 870-3676)

## **Kilès ki pa kalifye?**

**Atansyon:** Ou ka pa kalifye pou TPS si sèten kondisyon ki pa akseptak aplike a ou menm oswa si yo te kondane w poutèt nenpòt krim serye, oswa poutèt de (2) oswa plizyè krim delenkan. **Ou dwe shèshe pran konsey nan men yon avoka anvan ke ou aplike pou TPS si toutfwa yo janm kondane w pou yon krim.**

## **Kisa frè anrejistremant pou aplikasyon pou TPS la ye e si mwen pa ka peye pou frè anrejistremant ak/oswa byometrik yo?**

<b>Aplikasyon TPS (Fòmilè I-821):</b>	<b>\$50</b>
<b>Byometrik :</b>	<b>\$80</b>
<b>Otorizasyon travay (Fòmilè I-765)</b>	<b>\$340</b>

Si ou pakab peye oken nan frè sa yo, ou ka mande yon egzansyon pou frè aplikasyon yo avèk **dokiman apwopriye yo** poutèt ou pa ka peye. Men kèk nan dokiman pou genyen yo:

- Resevwa yon benefis federal/deklarasyon ke yo detèmine apati de nivo revni w genyen; oswa
- Prèw sou revni tout moun nan kay la touche ki pi ba pase direktiv Federal pòvrete yo; oswa
- Prèw sou gwo depans ki fèt lè yo konpare yo avèk revni w, pa egzanp bòdwo medikal ki wo

Yo ka akòde egzansyon frè tou pou rezon imanité tankou andikap, sanzabri oswa laj. Se pou w soumèt dokiman tou pou sipòte demann wap fè a. Se pou tout dokiman yo an angle oswa se pou yo tradwi yo nan lang angle.